

## **FEYÈ ENFÒMASYON POU PARAN TIBEBE KI GEN LAJ 2 MWA**

### **VAKSEN:**

- \* DTaP #1 – anpeche tibebe gen difteri, tetanòs (“maladi machwè sere”), ak koklich (“tous aspiran”). DTaP ka bay lafyèv ak doulè; asetaminofèn (Tylenol, Feverall, ak mak magazen an) kapab ede.
- \* Polyo #1 – anpeche tibebe gen polyo, yon maladi viral ki lakòz paralizi.
- \* Hib #1 (*haemophilus influenzae*, tip b) – anpeche tibebe gen bakteri Hib, yon jèm ki bay enfeksyon grav tankou menenjit, enfeksyon nan pasaj lè (gòj), enfeksyon nan san (“sepsis”), epi menm enfeksyon nan zòrèy.
- \* Epatit B #2 – anpeche tibebe gen Epatit B, yon virus ki bay enfeksyon grav nan fwa epi ki lakòz kansè nan fwa.
- \* PCV-13 #1 – anpeche tibebe gen 13 kalite bakteri nemonkosik, yon jèm ki bay enfeksyon grav, tankou menenjit, nemoni, ak enfeksyon nan san, epi lòt maladi ki pi kòmen tankou enfeksyon nan zòrèy.
- \* Wotaviris #1 – ede anpeche tibebe gen wotaviris, yon virus ki bay dyare grav. Nou dwe bay tibebe wotaviris #1 lè li gen laj 2 mwa. Kounyeya, vaksen sa a pa egzijib pou gadri oswa lekòl, men li rekòmande anpil.
- \* Pifò timoun pa gen efè segondè grav lè yo pran vaksen yo. Si gen efè segondè, òdinèman yo pa grav. Lafyèv ak malèz se efè segondè ki pi kòmen yo. Asetaminofèn (Tylenol ak lòt mak yo) kapab ede. Vaksen anti-wotaviris la kapab bay vomisman ak dyare yon jou oswa 2 jou apre tibebe te pran vaksen an. Men sa pa fèt souvan. Si ou gen enkyetid, tanpri rele nou.
- \* Nou ankouraje anpil pou manm fanmi k ap viv ak timoun ki poko gen laj 6 mwa pran vaksen pou grip sezon ak pou koklich. Tanpri kontakte doktè prensipal ou.

### **DEVLÒPMAN ak KONSEY SOU KIJAN POU JWE WÒL PARAN:**

*Pale/langaj:*

- \* Tibebe yo ap reyaji lè yo tandé bri.
- \* Tibebe ap souri epi y ap imite son. Se rekonpans ou pou tout nwit blanch ou pase yo!

*Kapasite fizik:*

- \* Tibebe yo kenbe tèt yo pandan yon ti kantite tan kout, epi yo gen pi bon kontwòl pase touswit apre yo te fenk fèt la.

- \* Tibebe kapab kenbe yon tchatcha pandan yon ti tan kout.
- \* Nan pwochen semèn k ap vini yo, tibebe yo ap kòmanse pran epi kenbe objè.

*Sosyal/jwe:*

- \* Tibebe ka konsantre sou figi epi yo ka vire tèt yo pou gade yon bagay ki enterese yo.
- \* Tibebe renmen jwèt, tankou tchatcha, jwèt mobil nan bèsò epi nounous. Tibebe laj sa a renmen jwèt ki gen koulè vif ak sa ki gen desen nwa ak blan sou yo.
- \* Tibebe yo renmen tande vwa ou epi yo renmen moun kenbe yo, kajole yo epi gade yo fasafas. Li enpòtan anpil pou atire tibebe ou nan fason sa a.

*Konpòtman:*

- \* Nan laj twa mwa, pifò tibebe ap dòmi pi plis lannwit epi je yo ap pi klè pandan lajounen. Tibebe kapab toujou reveye youn a twa fwa lannuit pou yo manje.
- \* Mete pitit ou nan kabann li anvan dòmi pran li pou ou ka ankouraje bon abitid pou dòmi.
- \* Gen anpil tibebe ki gen laj 2 mwa ki gen yon abitid dòmi apeprè menm bagay la chak jou. Eseye kerbe yon orè.
- \* Tibebe ka twouve si yo souse yon pwen, yon men, yon dwèt oswa yon sison, sa kalme yo.
- \* Tibebe dwe toujou dòmi sou do yo. Sa redui risk ki genyen pou SIDS (Sendwòm Lanmò Sibit Timoun oswa lanmò nan bèsò).

*Konsèy sou kijan pou jwe wòl paran:*

- \* Eseye dòmi lè tibebe a ap dòmi.
- \* Kite fanmi ak zanmi ede ou.
- \* Rele doktè pitit ou oswa doktè pa ou si ou santi ou tris oswa si ou gen twòp pou ou pandan plis pase dezoutwa jou.

## **KIJAN POU BAY TIBEBE MANJE:**

- \* Tibebe yo ap bezwen lèt manman oswa lèt nan bwat ki gen fè ladan jiskaske yo gen laj ennan (1 an). Pa ba yo dlo amwenske doktè ou rekòmande sa. Ou pa dwe ba yo ni ji ni te.
- \* Pa kite yon bibwon ki apiye nan bouch tibebe a san pa gen yon moun k ap siveye li. Sa ka lakòz timoun nan trangle oswa manje twòp.
- \* Pa mete bibwon ki gen lèt manman oswa lèt nan bwat nan mikwo-onn.
- \* Vide kèk gout lèt sou ponyèt ou pou ou ka verifye tanperati lèt manman an oswa tanperati lèt nan bwat la.

- \* Lè w ap prepare lèt nan bwat la, toujou suiv esplikasyon ki sou pake a.
- \* Pa bay tibebe ou la siwo-myèl pandan premye ane lavi li.
- \* Ou kapab konnen si tibebe a manje ase si li mouye 6 a 8 kouchèt pa jou epi si li pran pwa byen.
- \* Tibebe yo pa pare pou manje solid jiskaske yo gen laj kat (4) a sis (6) mwa, epi yo ka pran tout nitrisyon yo bezwen nan lèt manman oswa nan lèt nan bwat la.
- \* Tibebe manman bay tete dwe pran vitavin D anplis pou anpeche yo rachitik (gen zo fèb ak lòt pwoblèm). Tibebe ki pran lèt nan bwat bezwen vitamin D anplis tou si yo pap pran omwen 30 ons lèt nan bwat chak jou. Doktè ou dwe preskri ou li oswa li dwe di ou ki pwodui pou achte, òdinèman pandan premye mwa a.

### **IJYÈN:**

- \* Itilize dlo nòmal avèk oswa san yon savon/chanpou lejè pou benyen tibebe a.
- \* Kenbe zong yo kout. Pafwa tibebe grate figi yo ak zong yo. Itilize lim oswa koupzong pou koupe zong ki file yo.
- \* Tibebe ki fenk fèt pa bezwen mete twòp bagay pou vlope yo. Òdinèman, 1 kouch rad anplis pase sa adilt yo mete ap bon.

### **KIJAN POU PRAN SWEN KOUCHÈT TIBEBE:**

- \* Kounyeya, tibebe ou la kapab fè poupou mwen souvan pase yon tibebe ki fenk fèt. Se yon bagay ki nòmal.
- \* Byen souvan, tibebe tire epi yo sanble yo pa alèz lè y ap fè poupou. Se yon bagay ki nòmal tou.
- \* Konstipasyon vle di poupou a di anpil epi li difisil pou pase. Òdinèman, tibebe a fè poupou mwen souvan.
- \* Desitin, Balmex, A+D Ointment, eksétera itil pou chofi kouchèt tibebe bay. Pa itilize poud.

### **KESYON SEKIRITE:**

- \* Pa janm kite tibebe san pa gen moun k ap siveye yo oswa poukont yo sou yon kabann, sofa oswa sou tab pou abiye yo oswa pandan y ap benyen.
- \* Tibebe ou la ap kapab vire nan yon ti tan ankò. Ou pa vle pou se lè ou tande yon gwo bri atè a, ou konnen tibebe ou la te aprann vire.
- \* Tibebe yo dwe toujou dòmi sou do yo. Sa redui risk ki genyen pou SIDS oswa pou tibebe toufe (lanmò nan bèso). Li rekòmande pou tibebe dòmi nan pwòp bèso pa yo oswa nan basinèt.
- \* Tibebe dwe dòmi sou yon kote ki fèm. Evite kabann ki mou, nounous, zorye oswa nenpòt objè mou kote tibebe ap dòmi.

- \* Panse pou kòmanse itilize yon pak pou lè ou pa kapab kenbe tibebe ou la.
- \* Pa janm souke tibebe ou.
- \* Toujou itilize yon chèz pou sekirite nan machin. Tibebe ak timoun piti dwe chita devan-dèyè nan machin jiskaske yo gen laj 2 an. Mitan chèz dèyè a se kote ki gen plis sekirite. Tibebe ak timoun piti dwe TOUJOU chita nan chèz dèyè a.
- \* Sache plastik, balon ak ti objè/jwèt piti se danje pou tibebe.
- \* Kenbe tibebe yo lwen limyè solèy; itilize rad ki bay yo pwoteksyon oswa rete nan lonbraj avèk yo.
- \* Mete tanperati aparèy pou chofe dlo a sou 120 degré F oswa mwens.
- \* Itilize yon bèso ki gen ba, ki gen yon espas 2 3/8 pou s oswa mwens ki separe yo.
- \* Chèche konnen si lakay ou gen penti ki gen plon ladan oswa si gen danje pou ekspoze ak plon. Si ou lwe yon apatman, mètkay la dwe konnen epi lalwa egzije li pou li devilge enfòmasyon sa a. Mande doktè ptit ou oswa enfimyè a, si ou gen kesyon sou sa.
- \* Pa fimen nan kay la! Nou ankouraje anpil pou paran ki fimen yo kite fimen. Menm lafimen ki sou rad ou, nan cheve ou, epi nan souf ou kapab afekte ptit ou. Mande nou enfòmasyon sou kijan pou sispann fimen.
- \* Ou dwe sèten alam pou dife ak alam pou monoksid kabòn yo ap fonksyone.
- \* Nou rekòmande fòmasyon nan CPR.

**PWOCHEN VIZIT:** Laj 4 mwa pou yon konsiltasyon/egzamen fizik epi, si li nesesè, pou lòt pwoblèm, maladi, ak blesi.

Sonje pou ekri kesyon yo davans epi pote yo avèk ou!

## ÈSKE OU VLE PLIS ENFÒMASYON?

**Entènèt la ka yon sous ekselan pou enfòmasyon sou sante ak devlopman timoun. Ou dwe chèche konnen si sitwèb ou vizite yo gen bon repitasyon! Si ou gen kesyon, tanpri mande nou.**

### Èske ou bezwen èd pou bay tibebe tete?

Ale rankontre yon konsiltan nan zafè laktasyon ansanm ak lòt manman k ap bay tibebe tete nan Pwogram Cambridge Health Alliance Breastfeeding Support Drop-in la, ki nan 8 Camelia Avenue nan ale pou rantre nan Lopital Cambridge la. Madi ak jedi depi 10AM jiska 12PM. Li pa nesesè pou ou gen randevou!

W ap jwenn plis enfòmasyon nan sous sa yo:

Zipmilk.org	<a href="http://www.zipmilk.org">www.zipmilk.org</a>
Massachusetts WIC Nutrition Program	(800) 942-1007
La Leche League	(800) LA LECHE
Nursing Mothers' Council	(617) 244-5102
Massachusetts Breastfeeding Coalition	<a href="http://www.massbfc.org">www.massbfc.org</a>
International Lactation Consultant Association	<a href="http://www.ilca.org">www.ilca.org</a>
National Women's Health Information Center	(800) 994-9662

**Tcheke enfòmasyon American Academy of Pediatrics bay pou paran yo konsènan *Bright Futures (Avni Briyan)* nan:**

<http://brightfutures.aap.org/pdfs/Visit%20Forms%20by%20Age%20110/2,%208%20Year/C.MCh.PH.7,8yr.pdf>

**Tcheke enfòmasyon American Academy of Pediatrics bay pou paran yo konsènan *Healthy Children (Timoun an sante)* nan:**  
[www.healthychildren.org/](http://www.healthychildren.org/)

**Jwenn plis enfòmasyon ak zouti sou sit entènèt Resous Paran CHA:**

<http://www.challiance.org/Services/PediatricsResourcesforParents.aspx>

**Konekte avèk nou nan Facebook:**

<https://www.facebook.com/CHAPediatrics>

Revize nan mwa janvye 2014